

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Basa, hasil tina kabudayaan sarta mangrupa salah sahiji alat komunikasi. Unggal basa hiji bangsa ngabogaan ciri has anu tangtu, béda jeung basa bangsa nu lianna. Di Indonésia beunghar ku basa anu dipaké diunggal daérah. Salah sahijina basa Sunda anu dipaké ku urang Sunda. Tapi teu saeutik urang deungeun (luar urang Sunda) anu bisa nyarita ku basa Sunda. Contona mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006 anu kuliah di UPI anu sapopoéna ngayakeun *interaksi* jeung urang Sunda. Hasil tina *interaksi* ieu mangaruhan kana tingkah polahna jeung basa nu digunakeun nalika nyarita. Sok sanajan dina nyaritana henteu gembleng maké basa Sunda, iwal anu geus lancar tangtuna ngagunakeun basa Sunda nalika nyarita jeung urang Sunda deui. Tina 28 urang anu jadi réspodén dina ieu panalungtikan aya 13 urang atawa 46,4% anu ku panalungtik dikategorikeun mampuh dina ngucapkeun foném basa Sunda. Hal ieu dumasar kana saeutikna kasalahan dina ngucapkeun foném basa Sunda anu aya dina tés nu diucapkeun ku para réspodén.

Foném anu salah diucapkeun ku mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 nya éta foném vokal /e/, /eu/, jeung /é/ posisi vokal di tengah. Foném vokal /e/ sok diucapkeun /é/ atawa /eu/, foném vokal /é/ sok diucapkeun /é/ atawa /eu/, jeung foném vokal /eu/ sok diucapkeun /é/, /éu/, /eu/ (e+u), /u/, atawa nambahan foném vokal jeung konsonan lain. Contona dina kecap /seueul/

(kandaga kecap ngaran kasakit) ku R2 diucapkeun jadi /saépul/. Sedengkeun foném konsonan anu salah diucapkeun nya éta foném konsonan /g/ posisi di ahir anu diucapkeun jadi /k/, foném konsonan /b/ posisi di ahir anu diucapkeun jadi /p/, foném konsonan /d/ posisi di ahir anu diucapkeun jadi /t/, jeung foném konsonan /k/ posisi di ahir anu diucapkeun jadi /t/. Tapi, foném-foném konsonan anu ngaganti foném anu sabenerna masih dina tempat artikulasi jeung cara artikulasi anu sarua, anu ngabédakeunana éta nya kaayaan pita sora nalika foném-foném éta diucapkeun, naha soraan atawa teu soraan. Iwal anu béda téh foném konsonan /k/ anu diucapkeun jadi /t/, foném /k/ jeung /t/ béda tempat artikulasina tapi cara artikulasi jeung kahanan pita sora sarua nya éta mandeg teu soraan.

Foném anu bener diucapkeun ku mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 nya éta foném vokal /a/ posisi di tengah jeung di ahir, foném vokal /i/ posisi tengah jeung ahir, foném vokal /u/ posisi vokal di tengah, jeung foném vokal /o/ posisi vokal di tengah sarta foném konsonan /t/ posisi konsonan di awal, tengah, jeung di ahir, foném konsonan /j/ posisi di awal, foném konsonan /k/ posisi di tengah, foném konsonan /l/ posisi di tengah jeung di ahir, foném konsonan /ng/ posisi di ahir, foném konsonan /m/ posisi di awal jeung di ahir, foném konsonan /b/ posisi konsonan di awal jeung di tengah, foném konsonan /h/ posisi di tengah, foném konsonan /r/ posisi di awal jeung di ahir, jeung foném konsonan /s/ posisi konsonan di ahir.

Sedengkeun halangan jeung kasulitan mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 dina ngucapkeun foném basa Sunda nya éta jauh bédana antara foném-foném basa Sunda jeung basa Indonésia, sedengkeun foném-foném basa

para réspodén ampir sarua jeung basa Indonésia; jeung tacan biasa nyarita dina basa Sunda.

Anapon pangaruh dina kamampuh masasiswa UPI asal pulo Sumatera dina ngucapkeun foném-foném basa Sunda nya éta faktor pribadi réspodén jeung faktor lingkungan. Faktor pribadi nya éta faktor anu muncul ti diri pribadi masing-masing réspodén, naha réspodén hayang atawa henteu diajar (formal atawa non formal) jeung nyarita ku basa Sunda. Faktor anu kadua nya éta faktor lingkungan, dimana para réspodén cicing sarta ngayakeun *interaksi* jeung urang Sunda, boh di kosan, kelas, boh di organisasi. Lamun di lingkunganna remen nyarita ku basa Sunda tangtuna para réspodén ogé remen ngadéngé basa Sunda jeung saeutik-saeutik maksakeun nyarita ku basa Sunda. Tapi sanajan lingkunganna remen maké basa Sunda ari pribadi réspodénna teu hayang nyaho kana basa Sunda tangtuna lingkunganna nalika nyarita maké basa Sunda kudu alih basa nalika aya réspodén.

5.2 Saran

Nalika ngayakeun panalungtikan tangtuna aya hal-hal anyar anu kapanggih. Dumasar hal éta aya sababaraha hal anu numutkeun panalungtik bisa dijadikeun saran pikeun pangajaran basa Sunda, panalungtikan satuluyna, jeung sacara umumna pikeun kamékaran basa Sunda. Saran-saranna diantarana:

- (1) Dina pangajaran basa, ngajarkeun foném hiji basa mangrupa hal mimiti anu kudu diajarkeun. Sabab, sanajan foném mangrupa unsur basa anu pangleutik tapi foném ngabogaan fungsi pikeun ngabédakeun harti. Lamun

fonémna salah diucapkeun atawa dituliskeun tangtuna hartina ogé pasti béda;

- (2) Ngayakeun panalungtikan ngeunaan foném anu ditujukeun pikeun murid TK atawa SD kelas I anu mimiti diajar basa Sunda sacara formal;
- (3) Foném ngan saukur bagian leutik tina élmu fonologi, sedengkeun ambahan fonologi masih lega kénéh anu tacan kagarap, diantaranya variasi sora basa, pangaruh sora basa, sora supraségmental, jrrd, jeung
- (4) Ulah sieun salah nyarita maké basa Sunda, sabab lamun sieu salah tangtuna urang bakal ngajauhan dina maké basa Sunda tungtungna basa Sunda teu dipaké. Bisa nyarita hiji basa kusabab basa éta dipaké dina nyarita rék bener rék salah. Tugas anu nyaho kana élmunu ngoméan anu salah éta jadi bener.